

Lèt enfòmasyon pou manm yo | Prentan 2026



Nan nimewo sa a:

- Pwoteje sante adolesan w lan: vaksen ki enpòtan pou timoun ki gen ant 9 ak 13 lane yo
- Sant sante eskolè yo
- Pran swen tèt ou: fè yon tès depistaj pou kansè sèvikal byen fasil
- Ede w jwenn swen prevantif ak lòt opòtinite nan kominote w yo
- Jwe jwèt mobil san reklam sou aplikasyon Motiv la
- Renouvle benefis ou yo
- Swen w yo pa ta dwe mache ak yon fakti
- Sante mantal manman yo enpòtan
- Èske ou genyen kat CARE w la?
- Swen sante adomisil pou manm AmeriHealth Caritas Ohio yo
- Renmen kè w: kèk bagay ki senp ou ka fè pou amelyore sante w
- Konprann tansyon ki wo: yon risk pou kè a ki rete "ansoudin"
- Swen sante konpòtmantal vityèl MDLIVE
- Nou gen kèk pwogram swen sante espesyal pou ou
- Èske ou konnen dwa ak responsablite w yo?
- Rapèl sou CAHPS!

Si w gen kesyon sou sityasyon w antanke manm oswa sou sa AmeriHealth Caritas Ohio ka ofri w, tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-855-764-7700 (TTY 1-855-889-6446), 24 sou 24, sèt jou sou sèt.



Pwoteje sante adolesan w lan: vaksen ki enpòtan pou timoun ki gen ant 9 ak 13 lane yo

Ofiramezi pitit ou a grandi epi li antre nan adolesans, li pi enpòtan toujou pou l rete an sante. Youn nan pi bon fason ou ka pwoteje yo se veye pou yo jwenn vaksen ki rekòmande pou timoun ki gen ant 9 ak 13 lane yo. Vaksen sa yo ap anpeche yo pran kèk maladi grav ki ka lakòz pwoblèm sante pou anpil tan.

Kli vaksen pitit ou ki adolesan bezwen?

- **Vaksen kont tetanòs, difteri ak koklich aselilè (Tdap)**
Bay pwoteksyon kont tetanòs la, difteri a ak koklich la. Enfeksyon sa yo ka gaye rapid epi yo ka fè yon moun malad anpil.
- **Vaksen kont menengokòk**
Bay pwoteksyon kont menenjit la, ki se yon enfeksyon ki danjere ki ka domaje sèvo a e ki ka menm touye yon moun. Adolesan yo ak jèn adilt yo gen plis risk.
- **Vaksen kont viris papiyòm imen (HPV)**
Bay pwoteksyon kont viris papiyòm imen an (human papillomavirus, HPV) HPV se yon viris ki komen ki ka lakòz diferan kalite kansè pi devan nan lavi a.

Vaksen HPV a ede moun evite kansè

Gen kèk paran ki yon tijan renka pou yo fè timoun yo pran vaksen HPV a, sitou paske li rekòmande pandan yo jèn anpil. Men sa ki enpòtan pou konnen:

- Vaksen HPV a ede moun **evite kansè** ki parèt lè yo adilt.
- Li mache pi byen lè moun nan resevwa l lontan anvan kò a ekspozè ak viris la. Sa vle di li sitou efikas lè moun nan pran l lontan anvan aktivite seksyèl la kòmanse.
- Se youn nan fason ki pi efikas e ki gen plis sekirite pou pwoteje sante pitit ou a pi devan.

Si w konsidere vaksen HPV a kòm yon **zouti prevansyon kansè**, sa ap ede w pran yon desizyon san grate tèt. Sa ki enpòtan, se pou w pwoteje sante pitit ou a pou anpil ane.

Poukisa li enpòtan pou jwenn vaksen yo nan bon moman an

Lè pitit ou jwenn vaksen nan lè li sipoze jwenn yo, sa pwoteje l jounye a e pandan l ap grandi. Chak vaksen bay yon timoun yon pwoteksyon ki enpòtan e ki dire pandan li vin adilt.

Lè ou fè pitit ou jwenn vaksen nan lè li sipoze jwenn yo, sa kapab:

- **Ranfòse pwoteksyon pitit ou a** benefisye kont yon seri maladi ki grav.
- **Ede pitit ou rete an sante pou anpil tan** lè li rive nan adolesans li ak nan laj adilt.

- **Anpeche pitit ou gen kèk pwoblèm sante li te ka evite** pou fè lavi li vin pi fasil ofiramezi l ap grandi.
- **Ba w kè poze** poutèt ou konnen pitit ou a pwoteje.

Chak lè pitit ou jwenn yon vaksen nan lè li sipoze jwenn li, sa ede l prepare yon avni ak sante.

Sa ou kapab fè jodi a

Si w ta renmen pran randevou pou pitit ou a jwenn vaksen oswa pou egzamen prevantif li a, oubyen si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou vaksen enpòtan sa yo, tanpri rele depatman swen pedyatrik prevantif AmeriHealth Caritas Ohio a nan **1-833-891-1700**. Ekip nou an la pou ede fanmi w rete an sante nan chak etap nan pakou a.

Sous:

“[Vaccines by Age](#),” Centers for Disease Control and Prevention (CDC), yon sous nou konsilte nan dat 10 mas 2026.

“[Recommended Vaccinations for Children](#)”^{[1][2]} CDC, 11 fevriye 2026.

“[Reasons to Follow CDC’s Recommended Immunization Schedule](#),” CDC, 9 out 2024.



Sant sante eskolè yo

Ki sa yon sant sante eskolè ye?

Gen anpil distri eskolè ki gen sant sante eskolè (klinik) nan lokal yo. Yon sant sante eskolè pèmèt pitit ou fè egzamen prevantif li sipoze fè chak ane a, jwenn vaksen, jwenn konsiltasyon pou sante mantal, jwenn swen dantè oswa swen vizyon, jwenn swen pou ti maladi ki pa grav, epi menm jwenn èd pou jere yon pwoblèm tankou opresyon oswa dyabèt, yon fason ki byen fasil. Chak sant sante eskolè pa bay menm sèvis yo.

Poukisa sa enpòtan?

- Klinik sa yo bay pitit ou sèvis sante pandan li lekòl.



Pran swen tèt ou: fè yon tès depistaj pou kansè sèvikal byen fasil

HPV se yon enfeksyon ki komen moun pran nan kontak seksyèl. Genyen diferan kalite HPV epi kèk kalite HPV kapab lakòz kansè sèvikal. Lè ou fè yon tès pou HPV a, sa ka ede w rete an sekirite epi sa pèmèt ou konnen ki risk ou genyen.

Tès pou HPV ki rele BD Onclarity™ a e premye tès FDA apwouve ki pèmèt ou pran pwòp echantiyon pa w poukont ou lè ou kay doktè w. Tès sa a kapab detekte 6 kalite HPV ki gen gwo risk. Ou fè tès sa a poukont ou pa mwayen yon aplikatè koton ki long epi li pran mwens pase yon minit. Ou kapab fè sa nan yon espas prive kay doktè w. Tès sa a bay rezilta ki egzakt menm jan ak echantiyon doktè w konn pran pandan vizit nòmal yo.

Administrasyon pou Resous ak Sèvis Sante a rekòmande pou fi ki gen ant 30 ak 65 lane yo fè yon tès HPV chak 5 an. Si w

- Klinik sante eskolè yo ede elèv yo rete an sante epi yo pèmèt elèv yo jwenn swen san yo pa rate lekòl ni sa yo pa pran reta nan sa y ap aprann.
- Paran ak responsab legal yo pa oblije mande yon jou lib nan travay yo pou mennen yo kay doktè.
- Paran ak responsab legal yo pa oblije mete lòt timoun nan gadri pandan yo mennen pitit yo kay doktè.
- Etandone pitit ou jwenn swen pandan li lekòl, ou pa bezwen chèche yon mwayen pou mennen l kay doktè.
- Klinik yo bay paran ak responsab legal yo plis opsyon pou vizit medikal yo.

Antanke paran, kijan mwen ka toujou patisipe nan vizit yo?

- **W ap toujou patisipe.** Anvan yo bay pitit ou swen nan klinik la, yo pral konsilte w pou w konnen kisa k pral fèt e pou w bay opinyon w.
- **Gen kèk fòm ki senp pou ede klinik yo konprann sa ou prefere.** Chak klinik gen kèk fòm paran yo oswa responsab legal yo dwe ranpli, san wete yon fòm konsantman. Fòm sa a pèmèt ou di klinik la sa ou prefere ak fason ou ta renmen patisipe. **Li fasil pou pran randevou suivi.** Si pitit ou bezwen yon lòt vizit, klinik la ka pran yon randevou suivi nan lekòl la.

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou sant sante eskolè yo nan distri w la, sou sèvis ki disponib yo oswa pou pran yon randevou, tanpri rele depatman swen pedyatrik prevantif AmeriHealth Caritas Ohio a nan **1-833-891-1700**.




ta renmen jwenn plis enfòmasyon, mande doktè w si w ka fè tès HPV ki rele BD Onclarity™ a poukont ou nan pwochen vizit ou a. Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, ale sou [sitwèb BD Onclarity a](#).



Ede w jwenn swen prevantif ak lòt opòtinite nan kominote w yo

- Pwogram [AmeriHealth Caritas Ohio ki rele sant mobil pou swen prevantif ak opòtinite](#) a te kòmanse nan sezon otòn 2023 a. Depi lè sa a, nou pase tout kote nan Eta Ohio epi nou te travay avèk prèske 60 òganizasyon kominotè. 33 ladan yo te bay sèvis medikal.
- Avèk bonjan patnè sa yo, nou te sèvi plis pase 4,000 rezidan Ohio an 2025 epi nou te bay anviwon 1,800 diferan sèvis ak resous!
- An 2026, nou pral òganize plis evènman chak mwa epi nou pral kontinye travay avèk anpil òganizasyon kominotè nan Ohio pou pèmèt ou jwenn swen toupre lakay ou pa mwayen sant mobil pou swen prevantif ak opòtinite nou an, yon sant ki tounèf e ki gen ekipman ki modèn.

Gade ki konte nou te sèvi!



Jwe jwèt mobil san reklam sou aplikasyon Motivv la

Sèvi ak telefòn ou epi suiv etap sa yo pou telechaje l:

1. **Ale** sou App Store oswa Google Play.
2. **Chwazi youn nan jwèt Motivv Health Studios, LLC** ofri yo epi telechaje li.
3. **Kreye kont ou.** W ap bezwen nimewo idantifikasyon manm AmeriHealth Caritas Ohio w la. Kòd aktivasyon an se **ACOH**.
4. **Kòmanse jwe** epi jwenn kòb sou kat CARE w la. Reponn kèk kesyon jeneral ki gen rapò ak sante epi jwenn rekonpans sou kat CARE a san sa pa koute w anyen!

<https://delivr.com/2jwu9>

MOTIVV
HEALTH STUDIOS

MOBILE GAMES COME WITH YOUR BENEFITS!

Play and Earn up to \$20 in CARE Card rewards

SIGN UP

Activation Code: **ACOH**




Renouvele benefis ou yo!

Ou dwe renewle kalifikasyon w pou Medicaid chak ane. Pwosesis sa a rele **redetèminasyon**. Se pou w fè sa atavè [biwo lokal Depatman Sèvis pou Travay ak Fanmi an \(CDJFS\)](#) pou w pa pèdi kouvèti asirans Medicaid ou a. Nou ba w anpil valè antanke manm. Pa rate okazyon sa a! Si w pa konnen dat redetèminasyon w lan, tanpri rele ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Ohio yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt.

Mete enfòmasyon w yo ajou

AmeriHealth Caritas Ohio vle akonpaye w nan pakou sante w. Pou w ka jwenn sèvis ak sipò ou merite a, tanpri rele ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Ohio yo pou mete kowòdone w yo ajou nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt.



Swen w yo pa ta dwe mache ak yon fakti

Ohio Medicaid kouvri tout swen w yo, san w pa jwenn okenn fakti kòm move sipriz!

Antanke manm Ohio Medicaid, ou pa ta dwe jwenn yon fakti nan men doktè w oswa nan men yon lòt pwofesyonèl sante pou sèvis ki kouvri yo.

Sa sa vle di

W ap resevwa pifò sèvis swen sante Ohio Medicaid kouvri yo san sa pa koute w anyen. Pwofesyonèl sante yo dakò pou yo aksepte peman nan men AmeriHealth Caritas Ohio kòm peman konplè. Sa vle di yo pa ta janm dwe mande w peye plis pou yon sèvis ki kouvri.

Si w resevwa yon fakti

Pa peye l. Rele ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Ohio yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Nou pral ede w korije pwoblèm nan tousuit.

Bagay ki enpòtan pou konnen

Pafwa, ou ka chwazi peye pou yon sèvis Ohio Medicaid pa kouvri. Si w aksepte peye pou yon sèvis ki pa kouvri, doktè w oswa pwofesyonèl sante w dwe fè w konn sa **anvan** ou jwenn sèvis la epi li dwe ba w yon dokiman pou siyen.

Swen sante w yo pa ta janm dwe yon sipriz pou ou. Si w gen kesyon, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt.



Èske w ap itilize kat CARE w la?

Veye pou AmeriHealth Caritas Ohio genyen enfòmasyon sa yo ki ajou:

- Adrès postal
- Nimewo telefòn
- Imèl
- Lòt kowòdone



Sante mantal manman yo enpòtan

Peryòd gwosès la ak plizyè mwa ki vini apre akouchman an ka bay anpil kè kontan, men tou yo ka bay tristès ak enkyetid. Pafwa, yo konn rele sa “baby blues.” Byenke anpil moun konn gen santiman sa yo, gen paran ki gen plis pase annik baby blues la. Si w gen jan de santiman sa yo ak lòt emosyon tou, ou pa poukont ou! Pran swen sante mantal ou gen menm enpòtan ak pran swen kò w.

Kisa sante mantal manman yo ye? Sante mante yon manman se jan ou santi w, jan ou panse ak jan ou jere bagay yo pandan gwosès la ak pandan peryòd ki rive jiska yon ane apre akouchman an. Santiman sa yo kapab dire plizyè semèn oswa mwa, epi ou ka bezwen swen ak sipò. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) fè konnen gen 1 fi sou chak 8 fi ki fèk akouche yon tibebe ki vivan ki rapòte sentòm depresyon pòs-patòm.

Poukisa sa enpòtan?

Lè w ap soufri, lavi kapab difisil anpil. Depresyon pòs-patòm nan ka afekte dòmi w,

Anpil manm AmeriHealth Caritas Ohio deja itilize [kat CARE](#) yo pou achte nan anpil magazen nan Ohio. Ou pòkò ap itilize kat CARE w? Kòmanse fè sa jodi a! W ap ka kòmanse genyen lajan apre kèk minit sèlman si w fè kèk egzamen ki tou senp.

Fason ou ka sèvi ak kat CARE w la: Rele nan **1-888-682-2400** pou aktive kat ou a. Ou kapab ale nan [sant My Benefits](#) la pou konekte. Se pou w gen kat idantifikasyon plan sante w la avè w.

Ou kapab jwenn rekonpans tankou:

- \$50 lè ou ranpli fòm sante ou gen pou ranpli chak ane a (HRA)
- \$30 rive \$50 lè ou ale nan egzamen sante ak tès depistaj ou yo
- \$25 lè ou pran piki kont grip la

Kote ou ka itilize kat CARE w la Ou ka itilize kat CARE w la nan plis pase **2,700 magazen nan Ohio**. Men kèk magazen ki popilè anpil:

- CVS Pharmacy
- Dollar General
- Family Dollar
- Giant Eagle
- Kroger
- Meijer
- Walgreens
- Walmart

Pran kat CARE w la avè w lè ou al achte bagay sa yo:

- Manje ki bon pou sante w
- Pwodui pou tibebe
- Planin
- Swen pou fi
- Swen pou je
- Medikaman ou ka achte san preskripsyon
- Founiti prevansyon
- Atik ou bezwen chak jou

Ou bezwen èd? Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt, oswa ale sou [sitwèb AmeriHealth Caritas Ohio a](#).

kapasite w pou gen yon relasyon sere ak tibebe w, kapasite pou w ba l manje ak lavi fanmi w.

Sentòm pou w siveye:

- Santiman gwo tristès oswa dezespwa
- Santiman enkyetid oswa laperèz prèske toutan
- Kriye souvan
- Difikilte pou dòmi oswa dòmi twòp
- Santiman ou pa gen yon relasyon sere ak tibebe w
- Pa enterese nan bagay ou te konn renmen fè

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, ou ka rele pwogram kowòdinasyon swen pou matènite Bright Start nou an nan nimewo gratis **1-833-606-2727 (TTY 1-833-889-6446)**, **soti 8:00 nan maten rive 5:00 nan aprèmidi**, lendi pou vandredi, oswa ou ka rele oswa voye mesaj bay liy nasyonal pou sante mantal manman yo nan **1-833-TLC-MAMA (1-833-852-6262)**.


Sous:

[“Symptoms of Depression Among Women,”](#) CDC, 15 me 2024.



Renmen kè w: kèk bagay ki senp ou ka fè pou amelyore sante w

Manje manje ki bon pou sante w epi rete aktif se de nan pi bon fason ki ka ede w pwoteje kè w. Chwazi manje ki gen mwens sèl (sodyòm) pou tansyon w ka rete nan



Swen sante adomisil pou manm AmeriHealth Caritas Ohio yo

Nou kontan anonse yon lòt benefis k ap pèmèt ou jwenn swen sante adomisil. Nou travay avèk Total Care Connect (TCC) pou ou ka jwenn swen sante kote ou ye a san sa pa koute w anyen. Li enpòtan pou ou jwenn swen ou bezwen yo nan domèn sante pou ou jwenn pi bon rezilta.

Ekip kowòdinasyon swen nou an travay nan tèt ansanm ak TCC pou ede w satisfè bezwen w yo nan domèn medikal, sante konpòtmantal ak sosyal (tankou vizit pou adilt, vizit swen prevantif pou timoun, kèk kalite tès depistaj kansè, transpò, lojman ak manje).

Ou kapab resevwa swen ki pèsonalize san ou pa oblije soti lakay ou oswa nan sant mobil pou swen prevantif ak opòtinite nou an, yon sant ki gen ekipman modèn. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis adomisil ak sèvis mobil yo rele nan **1-614-380-2202**, lendi pou vandredi, soti 8:00 nan maten rive 6:00 nan aswè.

yon nivo ki bon pou sante w. Tansyon ki wo se youn nan pi gwo kòz kriz kadyak ak stwok.

Pifò nan nou manje plis sèl pase sa kò nou bezwen, sitou lè se manje ki tou prepare nan faktori nou manje. Lè nou redui kantite sèl nou konsome a, menm si se ti kras pa ti kras, sa kapab gen yon gwo enpak sou kè nou.

Kèk ti chanjman kapab mennen nan GWO rezilta. Eseye limite manje tankou vyann frèt pou sandwich, pizza, soup ak ti manje ki sale, paske manje sa yo konn gen plis sèl, sik ak grès ki pa bon pou sante w. Pito manje grenn konplè, pwoteyin mèg ak anpil fwi ak legim. Chwazi grès ki bon pou sante w ki soti nan plant epi eseye sèvi ak kondiman ak epis olye ou mete sèl pou fè manje a pi gou. Epitou, fè manje lakay ou olye ou manje deyò ka ede w kontwole ki kantite sèl ak grès ou manje. Eseye prepare repa ki ekilibre, ki gen fwi ak legim tout koulè, ki gen grenn konplè pou jwenn plis fib, epi manje mwens manje ki tou prepare nan faktori, pou kè w kapab vin pi djanm e pou l ka rete an sante.

Sous:

[“Sodium in Your Diet,”](#) U.S. Food and Drug Administration, 5 mas 2024.

[“How to Reduce Sodium in Your Diet,”](#) American Heart Association, 5 janvyè 2024.



Konprann tansyon ki wo: yon risk pou kè a ki rete “ansoudin”

Èske ou te konnen tansyon ki wo, oswa ipètansyon, se yon pwoblèm ki souvan pa bay **okenn sentòm**? Se pou rezon sa a yo di li touye moun “**ansoudin**.” Prèske mwaye nan adilt yo fè tansyon epi anpil ladan yo pa menm konn sa paske yo pa santi yo malad. Menm si w santi w anfòm, li posib pou tansyon w twò wo. Pran tansyon w regilyèman se yon bagay ki tou senp ki ede w pwoteje kè w epi rete an sante.

Kisa tansyon an ye?

Tansyon se kantite efò san w ap fè pou l pase nan veso sangen w yo. Li reprezante sou fòm **de chif**:

- **Chif ki anwo a (sistolik):** tansyon w lè kè w ap bat
- **Chif ki anba a (dyastolik):** tansyon w lè kè w ap repoze

Lè youn nan chif sa yo twò wo, tansyon w ka pa bon pou sante w.

Konprann valè tansyon w

Etap tansyon	Chif ki anwo a (sistolik)		Chif ki anba a (dyastolik)
Nòmal / An sante	Mwens pase 120	ak	Mwens pase 80
Nan limit / Wo	120-129	ak	Mwens pase 80
Tansyon ki wo nan etap 1	130-139	oswa	80 – 89
Tansyon ki wo nan etap 2	140 oswa plis	oswa	90 oswa plis

Poukisa tansyon se yon bagay ki enpòtan?

Si w pa trete l, tansyon ki wo a kapab lakòz yon seri pwoblèm sante ki grav, tankou:

- Maladi kè
- Stwok
- Maladi ren
- Pwoblèm je

Kisa ou kapab fè?

Ou kapab **evite epi kontwòle** tansyon ki wo a. Lè ou fè kèk ti chanjman piti nan fason w ap viv la, sa kapab gen yon gwo enpak.

Kèk bagay ki senp pou pwoteje sante w:

- Manje plis fwi ak legim.
- Fè plis aktivite fizik.
- Manje mwens sèl.
- Kenbe yon pwa ki bon pou sante w.
- Pran medikaman w yo egzakteman jan pwofesyonèl sante w mande w fè sa.

- Pran tansyon w lakay ou.
- Ale kay doktè w pou fè egzamen sante regilyèman.

Nan kad benefis ou yo, ou gendwa **kalifye pou yon brasa tansyon gratis ou ka itilize lakay ou**. Konsa w ap kapab siveye tansyon w byen fasil epi w ap ka fè pwofesyonèl sante w konn sa li ye.

Poze aksyon pou sante w!

◆◆ **Èske ou bezwen èd pou pran randevou oswa èske ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou benefis ou yo?**

Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Nou ka ede w:

- Jwenn yon pwofesyonèl sante nan zòn ou an.
- Pran randevou ak yon pwofesyonèl sante.
- Jwenn yon **brasa tansyon gratis**.
- Pran tansyon w.


Sante kè w enpòtan. Poze aksyon jodi a.

Sous:

“[High Blood Pressure Facts](#),” CDC, 28 janvyè 2025.

“[High Blood Pressure](#),” American Heart Association, yon sous nou te konsilte nan dat 10 mas 2026. “[Hypertension](#),” World Health Organization, 25 septanm 2025.

Text block at your service. Replace this text with yours.



Swen sante konpòtmantal vityèl MDLIVE

Pran swen sante mantal ou gen menm enpòtans ak pran swen sante fizik ou. Manm AmeriHealth Caritas Ohio yo ka jwenn swen sante konpòtmantal vityèl MDLIVE, konsa yo kapab jwenn sipò kote yo ye a, lè yo bezwen sa.

Kisa swen sante konpòtmantal vityèl MDLIVE yo ye?

MDLIVE bay manm ki genyen 10 lane oswa plis yo sèvis sante konpòtmantal vityèl. Manm yo kapab kominike avèk yon terapeit ki gen lisans ak sikyat ki sètifye nan Board la nan telefòn oswa pa mwayen videyokonferans sou yon telefòn, sou yon tablèt oswa sou yon òdinatè. Manm yo ka pran randevou nan lè ki bon pou yo epi souvan yo ka jwenn swen pi bonè pase sa ki konn disponib nan randevou tradisyonèl an pèsòn yo.

Sèvis ki disponib yo se sikoterapi, evalyasyon sante konpòtmantal ak jesyon medikaman lè sa apwopriye pou rezon klinik.

Nan ki domèn MDLIVE ka ede mwen?

MDLIVE soutni manm yo ki gen diferan pwoblèm sante konpòtmantal ki komen, tankou anksyete, depresyon, jesyon strès, dèy, twoub panik, fobi, twomatis ak twoub strès pòs-twomatik (PTSD), twoub obsesif-konpilsif (OCD), chanjman nan lavi a, sipò pou moun ki LGBTQIA+, sipò pou paran k ap leve timoun, ak plis bagay ankò.

Sipò pou medikaman

Sikyat MDLIVE yo kapab preskri oswa renouvle kèk kalite medikaman apre yo fè yon premye evalyasyon, lè sa apwopriye pou rezon medikal. Yo pa ka preskri nenpòt medikaman ni yo pa ka trete tout pwoblèm sante pa mwayen swen vityèl.

Nan ki sitiyasyon MDLIVE pa apwopriye?

MDLIVE pa bay swen nan ka ijans oswa nan kriz. Sèvis sante konpòtmantal vityèl yo gendwa pa apwopriye pou manm ki anvi fè tèt yo oswa fè lòt moun mal, pou moun ki gen sikoz, tankou alisinasyon oswa ilizyon, gwo abi sibstans ki anpeche manm nan patisipe an sekirite, oswa pwoblèm sante ki mande yon egzamen an pèsòn, analiz laboratwa oswa yon siveyans ki pou fèt de pre. Manm yo ki bezwen swen rapid oswa ijans ta dwe jwenn swen ijans an pèsòn. Moun k ap fè fas ak yon kriz sante mantal ak moun ki pwòch yo ta dwe rele oswa voye yon mesaj nan liy asistans pou ka suisid ak kriz la (**988**), oswa yo ta dwe pale ak yon moun sou Entènèt nan adrès [988lifeline.org](https://www.988lifeline.org).

Genyen kèk fason ou ka jwenn sèvis MDLIVE yo:

- Telechaje aplikasyon mobil **MDLIVE** la, ki disponib pou iPhone ak telefòn Android yo san sa pa koute w anyen. Chèche '**MDLIVE**' nan App Store oswa nan Google Play.
- Ale sou www.mdlive.com/acoh
- Rele nan nimewo **gratis 1-888-743-6582 (TTY 1-800-770-5531)**.
- Voye mesaj tèks **ACOH** nan nimewo **635483**.

MDLIVE pa ranplase chwa ou genyen pou pale avèk doktè w, enfimyè w oswa yon lòt pwofesyonèl sante. Tretman yo travay epi sipò a itil.

Kèk pwogram swen sante espesyal pou ou

AmeriHealth Caritas Ohio genyen kèk [pwogram swen sante espesyal](#) pou ede w rete an sante san sa pa koute w anyen. Etandone pwogram sa yo enteraktif, w ap travay dirèkteman avèk yon jesyonè swen k ap ede w jwenn sèvis ak enfòmasyon ou bezwen yo pou amelyore sante w. Ou pa bezwen pou doktè w refere w pou sa. Men sa nou ofri:

- Kowòdinasyon swen
- Jesyon swen konplèks pou plizyè pwoblèm sante ki kwonik
- Jesyon dyabèt
- Sipò pou moun ki ansent
- Lòt pwogram espesyal (swen dantè, manje kòm medikaman, jesyon doulè ak swen vizyon)
- Pwogram pou anemi falsifòm

Pwofesyonèl sante prensipal ou (PCP), espesyalis ou oswa yon lòt pwofesyonèl sante ka fè w konnen kijan ou ka patisipe nan pwogram nan tou. Pou enskri, ou menm oswa doktè w ka w rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, 7 jou sou 7. Osinon, ou ka [konekte sou pòtay pou manm yo](#) epi ale nan **Enroll in a Special Program** (enskri nan yon pwogram espesyal)..

Dwa ak responsablite manm yo

Antanke manm AmeriHealth Caritas Ohio, ou gen kèk dwa ak responsablite.

Ou gen dwa pou:

- Fè rekòmandasyon sou dwa ak responsablite manm AmeriHealth Caritas Ohio yo genyen yo.
- Resevwa tout sèvis AmeriHealth Caritas Ohio sipoze bay.

Resevwa tout enfòmasyon ki disponib sou sèvis, pwofesyonèl ak etablisman sante AmeriHealth Caritas Ohio yo.

- Jwenn yon tretman kote y ap respekte w e y ap respekte diyite w ak lavi prive w.
- Konnen y ap kenbe enfòmasyon ki nan dosye medikal ou yo konfidansyèl.
- Jwenn enfòmasyon sou sante w. Epi tou, enfòmasyon sa yo kapab disponib pou yon moun ou apwouve legalman pou resevwa enfòmasyon sa yo, oswa pou yon moun ou te deziyen pou yo kontakte nan ka ijans, lè li pa nan enterè sante w pou yo ba w enfòmasyon sa yo.
- Pale sou diferan opsyon ou genyen an rapò ak tretman ki nesèsè pou rezon medikal pou pwoblem sante w, kèlkeswa sa tretman an koute oswa sa plan an kouvri.
- Patisipe ansanm ak pwofesyonèl sante yo nan desizyon sou swen sante w yo.
- Patisipe nan desizyon sou swen sante w yo, depi desizyon sa yo nan enterè w.

Antanke manm, ou gen responsablite pou:

- Bay pwofesyonèl sante w yo tout enfòmasyon yo bezwen yo pou ba w swen.
- Suiv enstriksyon doktè w ba w yo pou swen w yo epi trete pwofesyonèl sante w yo avèk respè ak jantiyès.
- Aprann tout sa ou kapab sou sante w pou w ka jwe yon wòl aktif nan swen w yo.

Kontakte ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt, pou mande yon vèsyon dokiman ki esplike dwa ak responsablite w yo sou fòm papyè. Nou kapab voye yon vèsyon sou fòm papyè ba w pa lapòs nan lespas senk jou ouvrab san sa pa koute w anyen. Pou jwenn yon lis ki mansyone tout dwa ak responsablite w yo, ale sou [pajwèb nou an sou dwa ak responsablite yo](#).

Rapèl sou CAHPS!

Eksperyans ou enpòtan. AmeriHealth Caritas Ohio itilize sondaj yo rele Consumer Assessment of Healthcare Providers and Systems nan (CAHPS) chak ane pou evalye sèvis ki enpòtan pou ou yo. Nou te voye sondaj sa a pa lapòs bay kèk manm nou chwazi owaza sa gen yon ti tan ane sa a. Sa pral ede nou konnen ki swen ou resevwa. Nou detèmine pou l koute, aprann epi kontinye amelyore fason n ap sèvi manm nou yo. Pataje eksperyans ou epi ede nou kontinye ofri manm nou yo yon sèvis ki bon kalite.

Dokiman sa a annik bay yon rezime sou kèk enfòmasyon ki enpòtan. W ap jwenn enfòmasyon sou benefis yo, fason ou ka jwenn swen, pwofesyonèl ak etablisman sante yo (pwofesyonèl sante prensipal/espesyalis/lopital/sante konpòtmantal), sèvis ki kouvri yo ak sa ki pa kouvri yo, plent yo, reklamasyon yo, odyans san patipri yo, medikaman sou preskripsyon/famasi yo, fason pou jwenn swen lè ou deyò zòn nou an, ak plis bagay toujou, sou sitwèb nou an. Ale sou [sitwèb AmeriHealth Caritas Ohio a](#) pou jwenn yon kopi dènnye ti liv pou manm yo ak yon lyen pou jwenn lis pwofesyonèl ak etablisman sante ki sou Entènèt la.

[Sitwèb AmeriHealth Caritas Ohio a | Ti liv pou manm yo](#)

Fè konnen ou renmen nou oswa suiv nou!



Lalwa entèdi zak diskriminasyon

AmeriHealth Caritas Ohio respekte tout lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou, san wete karakteristik seksyèl ou yo, tankou karaktèistik entèseksyèl; gwosès oswa yon eta sante ki gen rapò ak gwosès; oryantasyon seksyèl; idantite jan ak esterewotip seksyèl (ann amoni ak fason yo defini diskriminasyon sou baz sèks la nan 45 CFR § 92.101(a)(2)). AmeriHealth Caritas Ohio pa mete pèsonn sou kote ni li pa trete pèsonn yon fason ki pi mal akoz ras yo, koulè yo, peyi kote yo soti, laj yo, andikap yo oswa sèks yo.

AmeriHealth Caritas Ohio bay moun ki andikape yo modifikasyon ki rezonab avèk èd ak sèvis oksilyè ki apwopriye e ki gratis pou ede yo kominike avèk nou yon fason ki efikas, tankou entèprèt konpetan nan lang siy ak enfòmasyon nan lòt fòm (gwo karaktè, fòm odyo, fòm elektwonik aksesib ak lòt fòm ankò). AmeriHealth Caritas Ohio bay moun ki pa fò nan anglè yo sèvis gratis pou ede yo nan lang pa yo, tankou entèprèt konpetan ak enfòmasyon ki ekri nan lòt lang. Si w bezwen yon modifikasyon rezonab, yon èd oswa yon sèvis oskilyè ki apwopriye, oubyen sèvis pou ede w nan lòt lang, kontakte ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Ohio yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Si w panse AmeriHealth Caritas pa t bay sèvis sa yo oswa si w panse li te fè yon lòt kalite diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks, ou ka depoze yon reklamasyon bay kowòdinatè dwa sivil yo pa lapòs, nan telefòn oswa sou Entènèt.

Lapòs: AmeriHealth Caritas Ohio
Attn: Civil Rights Coordinator
P.O. Box 7133
London, KY 40742

Telefòn: **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**

Entènèt: **<https://apps.amerihealthcaritasoh.com/securecontact/index.aspx>**

Si w bezwen èd pou depoze yon reklamasyon, kowòdinatè dwa sivil AmeriHealth Caritas la disponib pou ede w. Ou ka depoze yon plent sou dwa sivil bay Biwo Dwa Sivil la, ki fè pati Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an, pa mwayen elektwonik, sou pòtay pou plent Biwo Dwa Sivil la ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen lèt oswa nan telefòn

Lapòs: U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201

Telefòn: **1-800-368-1019 (TDD 1-800-537-7697)**

Entènèt: **www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html**

AmeriHealth Caritas Ohio detèmine pou l pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pèsònèl manm plan l yo. Jwenn plis enfòmasyon sou pratik konfidansyalite nou yo sou **www.amerihealthcaritasoh.com/privacy-notice.aspx**

Avi sa a disponib sou sitwèb AmeriHealth Caritas Ohio a tou **www.amerihealthcaritasoh.com**.



Si w gen difikilte pou li oswa pou konprann enfòmasyon sa yo oswa nenpòt lòt enfòmasyon AmeriHealth Caritas Ohio bay, tanpri kontakte ekip sèvis pou manm nou yo pou jwenn èd nan nimewo gratis 1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446), 24 sou 24, 7 jou sou 7, san sa pa koute w anyen (gratis). Rele si w ta renmen jwenn:

- Lang siy, entèpretasyon oral ak tradiksyon oral
- Èd ak sèvis oksilyè
- Enfòmasyon ki ekri nan yon lang ki pa anglè
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòma, tankou ekriti bray oswa gwo karaktè

English ATTENTION: If you do not speak English, language assistance services, free of charge, are available to you. Call **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Spanish ATENCIÓN: Si habla español, tiene a su disposición servicios de asistencia lingüística sin cargo. Llame al **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Haitian French Creole ATANSYON: Si w pale kreyòl ayisyen, genyen sèvis pou ede w nan lang pa w ki disponib gratis pou ou. Rele nan **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Ukrainian УВАГА: Якщо ви говорите українською мовою, ви маєте право на безкоштовні мовні послуги. Телефонуйте за номером **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Nepali/Nepalese (Nepal) ध्यान दिनुहोस्: यदि तपाईं नेपाली भाषा बोल्नुहुन्छ भने तपाईंका निम्ति भाषासम्बन्धी सहयोग सेवाहरू निःशुल्क रूपमा उपलब्ध हुन्छन् । **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**) मा फोन गर्नुहोस् ।

Arabic تنبيه: إذا كنت تتحدث العربية، تتوفر خدمات المساعدة اللغوية لك مجاناً. اتصل بالرقم **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Somali FIRO GAAR AH: Haddii aadan ku hadlin Af-Soomaali, adeegyada caawimaada luqadda oo bilaash ah, ayaa diyaar kuu ah. Wac **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Russian ВНИМАНИЕ: если вы говорите по-русски, в вашем распоряжении бесплатные услуги переводчика. Позвоните по тел. **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Swahili TAHADHARI: Ikiwa huzungumzi Kiswahili, utapokea huduma za usaidizi wa lugha, bila malipo. Piga simu kupitia **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

French ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'aide linguistique sont mis à votre disposition gratuitement. Appelez-nous au **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Kinyarwanda (Burundi) MENYA NEZA: Nimba uvuga Ikirundi (Burundi), ama seruvise afasha mu vy'indimi, atangwa ku buntu, arahari ku bwanyu. Hamagara kuri **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Uzbek (Uzbekistan) DIQQAT: Agar ingliz tilida gapirmasangiz, siz uchun bepul til yordam xizmatlari mavjud. **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**) ga qo'ng'iroq qiling.

Pashtu (Afghanistan)

توجه: که تاسی په پښتو ژبه غږېږئ، د ژبې د مرستې وړیا خدمتونه ستاسی لپاره موجود دي. دی **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**) شمېرې ته زنگ ووهئ.

Vietnamese CHÚ Ý: Nếu quý vị nói Tiếng Việt, chúng tôi có sẵn dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho quý vị. Hãy gọi **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Tigrinya ኣስተውዕል :- ቋንቋ ትግርኛ ዘይትዘረብ እንተደኣ ሹንካ ብናጻ ዝወሃብ ኣገልግሎት ኣገዝ ንዓኻ ክፋት እዩ። ናብ **1-833-764-7700 (TTY **1-833-889-6446**) ደውል።**

Dari (Afghanistan)

توجه: اگر به لسان افغانی گپ میزنید، خدمات مساعدت لسانی به صورت رایگان به شما ارایه میشود. با نمبر **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**) به تماس شوید.